

Chè paran,

Men bon nouvèl! Pitit ou a kapab itilize sou entènèt lakay li ak nan lekòl la seri lojisyèl ki rele Destination Reading, Destination Math ak Edmark HOUSE la. Kounye a, pitit ou a gen plis opòtinite pou pratike ak revize nosyon matematik ak lekti yo anseye lekòl la, oswa aprann ak aplike nouvo teknik ki koresponn ak nòm nasyonal ak nòm eta a.

Destination Math, Reading, ak seri HOUSE la entèaktif anpil, avèk anpil animasyon ak sipò odyo pou chak leson nan chak chapit. Leson matematik yo demontre jan pwoblèm matematik poze nan sityasyon lavi reyèl, konsa yo kapte ak retri atansyon elèv yo. Leson lekti yo gen yon sekans devlopman lekti ak ekriti byen ajanse yon fason pou chak nouvèl aptitud kab bati sou sa l te aprann avan an.

Osijè Destination Math:

- Prezantasyon matematik Destination Math fè nan chak kou pran avantaj de kapasite dinamik ak entèaktif entènèt la.
- Destination Math pale sou konsèp chif ak teknik, operasyon ak nonb, jewometri, analiz done, ak refleksyon aljebrik.

Osijè Destination Reading:

- Destination Reading gen yon gwo koleksyon liv fiksyon ak istwa reyèl, apwopriye ak tout laj, tout kalite.
- Sant Florid pou rechèch sou lekti te klase Destination Reading I, II kòm "meyè lojisyèl" pou jan li abòde konesans fonèm, fonetik, devlopman vokabilè, elokasyon ak konpreyansyon.

Osijè HOUSE

- Seri HOUSE la gen ladan l Bailey's Book House, Millie's Math House, Sammy's Science House and Trudy's Time ak Place House.
- Teknik aprantisaj Seri HOUSE ki deja fè prè yo a, konbine ak yon teknoloji entèaktif ki kaptivan anpil pou kòmanse bay elèv yo byen bonè yon dividal kalite konsèp aprantisaj pou timoun.

Pou pitit ou kab sèvi ak Destination Math ak Reading lakay ou, tankou pou seri HOUSE la, ale sou entènèt epi tape http://www.palmbeachschools.org/learning_tools.

>Nan meni sit la, klike sou Learning Tools 4 Kids.

>Aprè sa, klike sou Destination/Riverdeep.

Tanpri dezaktive "pop-up blockers" sou òdinatè w la OSWA chanje reglaj "pop-up blocker" a pou l kab otorize sit entènèt Palm Beach County Riverdeep la. Pop-up blockers ap anpeche w antre nan lojisyèl Destinasyon siksè ak seri Edmark HOUSE la.

Non itilizatè _____

Modpas _____

Pou sipò teknik, tanpri rele 1-888-327-2906.

